WIKIPÉDIA

Basa Tagalog

Basa Tagalog (Pangucapan cara Tagalog: [tɐˈɡaːloɡ]) iku salah sijiné basa Austronésia kang dadi basa ibuné seprapat kang ndunungi Filipina lan dadi basa kapindho mayoritas warga Filipina liyané. Basa bakuné diarani Filipino, kang dadi basa resmi ing Filipina bebarengan karo Inggris.

Basa Tagalog isih seduluran karo basa-basa Filipina liyané kaya ta basa Bikol, Ilokano, basa-basa Visayas, Kapampangan, lan basa Pangasinan, uga seduluran adoh karo basa-basa Austronésia liyané kaya ta basa-basa Formosa ing Taiwan, Malayu (basa Malaysia & Indonésia), Hawai'i, Maori, lan Malagasi.

Tagalog	
Wikang Tagalog	
Pangucapan	[tɐˈɡaːloɡ]
Asal	Filipina
Laladan	Luzon Tengah lan Tagalog Kidul Luzon
Ètnis	Wong Tagalog Filipina Amérika Filipina Kanadha Wong Filipina ing Palau
Panyatur asli	280 yuta (2007)[1] 45 yuta panyatur basa kapindho (2013)[2] Gunggung: 70+ yuta[3]
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Malayu-Polinésia ▪ Filipina ▪ Filipina Tengah ▪ **Tagalog**
Rupa purwa	Basa Proto-Filipina ▪ Tagalog Kuna ▪ Tagalog Klasik ▪ **Tagalog**
Rupa baku	Basa Filipino
Dhialèk	Bataan Tagalog Batangas Bulacan Lubang Manila Marinduque Tanay-Paete Tayabas
Aksara	Aksara Latin (Tagalog/Alfabèt Filipino), Braille Filipina *Biyèn Baybayin*
Status resmi	
Basa	Basa enggon-enggonan lan

Isi

Sajarah
- Robahan sujarah
- Kalungguhan resmi

Klasifikasi
- Dhialèk

Rujukan

Sajarah

Tembung *Tagalog* asalé saka éndhonim *taga-log* ("kang ndunungi pinggir kali"), kang uwodé saka *tagá-* ("asli" utawa "saka") lan *ilog* ("kali"). Linguis kaya Dr. David Zorc lan Dr. Robert Blust ngira-ira yèn panyatur basa Tagalog lan basa-basa Filipina Tengah mula bukané saka Mindanao wétan-lor utawa Visayas wétan.[6][7]

Cathetan kapisan abasa Tagalog iku Prasasti Laguna, saka taun 900 Masèhi kang isiné fragmèn abasa Sangsekerta, Malayu Kuna, Jawa, lan Tagalog Kuna. Éwa samono, buku kumplit pisanan kang ditulis nganggo basa Tagalog ya iku *Doctrina Christiana* (Ajaran Agama Kristen), dicithak taun 1593. Buku iku ditulis nganggo basa Spanyol lan sulih basa Tagalog warna loro; kang siji nganggo aksara kuna Baybayin lan liyané nganggo askara Latin kanthi éjaan wiwitan vèrsi Spanyol.

resmi ing	basa resmi ing Filipina (awujud basa Filipino)
Diatur déning	Komisyon sa Wikang Filipino
	Kodhe basa
ISO 639-1	`tl`
ISO 639-2	`tgl`
ISO 639-3	`tgl` – sandi inklusif Sandi ijèn: `fil (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=fil)` – Basa Filipino
Glottolog	`taga1280 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/taga1280)` (Tagalogic)[4] `taga1269 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/taga1269)` (Tagalog/Filipino)[5]
Linguasphere	`31-CKA`

Tlatahé panyatur basa Tagalog ing Filipina. Skéma warna iki nuduhaké 4 wewengkon dhialèk basa Tagalog: Dhialèk Lor, Tengah, Kidul, lan Marinduque. Mayoritas kang ndunungi provinsi Camarines Norte lan Camarines Sur mituturaké basa Bikol minangka basa ibuné, nanging ana uga minoritas wong ing provinsi iku kang nyaturaké basa Tagalog. Saliyané iku, basa Tagalog uga dicaturaké minangka basa kapindho ing saindhengé Filipina.

Aksara Tagalog Baybayin.

Sajeroning 333 taun pamaréntahan kolonial Spanyol, manéka paramasastra lan bausastra ditulis déning para pandhita Spanyol, kaya ta *Vocabulario de la Lengua Tagala* déning Pedro de San Buenaventura (Pila, Laguna, 1613), *Vocabulario de la lengua tagala* déning wong Céko Paul Klein (wiwitan abad ke-18), *Vocabulario de la lengua tagala* (1835), lan *Arte de la lengua tagala y manual tagalog para la administración de los Santos Sacramentos* (1850) saliyané kajian-kajian wiwitan[8] bab basa iki; nanging pujangga kang wong bumi kaya déné Francisco Baltazar (1788–1862) dianggep panulis Tagalog pisanan. Karyané kang paling misuwur ing wiwitan abad angka 19 ya iku wiracarita *Florante at Laura*.[9]

Robahan sujarah

Basa Tagalog séjé saka basa-basa Filipina Tengah liyané ing babagan uni pepet *ə kang kas kulawarga basa Proto-Filipina. Ing basa Bikol lan Visaya, uni iki luluh karo /u/ lan [o]. Éwadéné, ing basa Tagalog uni pepet luluh karo uni /i/. Contoné ing basa Proto-Filipina, tembung *dəkət (dhengket, mèlu) dadi *dikít* ing basa Tagalog lan dadi *dukot* ing basa Visaya & Bikol.

Uni *r, *j, lan *z ing basa Proto Filipina luluh karo uni /d/ nanging dadi uni /l/ ing antarané uni swara. Contoné, tembung Proto-Filipina *ŋajan (jeneng, aran) lan *hajək (ambung) ing basa Tagalog dadi *ngalan* lan *halík*.

Éwadéné, uni *R luluh karo /ɡ/. Contoné, *tubiR (banyu) lan *zuRuʔ (getih) dadi *tubig* lan *dugô* ing basa Tagalog.

Kalungguhan resmi

Bausastra pepak Tagalog kang pisanan ditulis déning misionaris Yésuit Céko aran Pablo Clain ing wiwitan abad angka 18. Clain ngendikan cara Tagalog lan bisa nulis kanthi lanyah lumantar pirang-pirang bukuné. Dhèwèké pangripta bausastrané kang pisanan, kang banjur dipasrahaké marang Francisco Jansens lan José

Hernandez.[10] Impunan karya iku banjur disusun déning P. Juan de Noceda lan P. Pedro de Sanlucar kang dicap lan dibabar kanthi sesirah *Vocabulario de la Lengua Tagala* ing Manila taun 1754 lan bola-bali dibesut[11] tumeka édhisi anyar taun 2013 ing Manila.[12]

Basa Tagalog diangkat dadi basa resmi lumantar paugeran kapisan Filipina, Paugeran Biak-na-Bato, nalika taun 1897.[13]

Nalika taun 1935, paugeran Filipina nata yèn basa Inggris lan Spanyol dadi basa resminé, nanging maréntahaké murih rembakané lan lestariné basa nasional kang dhedhasar basa asli kang ana.[14] Sawisé dititi lan dirembug, wusana Institut Basa Nasional, kumité kang anggotané pitu lan makili wewengkon-wewengkon ing Filipina, milih basa Tagalog dadi dhasaré basa nasionalé Filipina.[15][16] Présidhèn Manuel L. Quezon nalika tanggal 30 Dhésèmber 1937 mbiwarakaké pamilihé basa Tagalog minangka dhasaré basa kabangsan Filipina.[15] Rong taun sabubaré, ya iku ing taun1939, Présidhèn Quezon ngganti jeneng basa nasional kang dhedhasar basa Tagalog iku dadi *wikang pambansâ* (basa nasional).[16] Banjur ing taun 1959, basa iki dijenengaké manèh dadi "Pilipino".[16] Paugeran taun 1973 ngesahaké basa "Pilipino", sarta basa Inggris, dadi basa resmi lan wusana dikepyakaké kanthi jeneng Filipino.[17] Paugeran taun 1987 nandhesaké yèn basa Filipino minangka basa nasional kang kudu dikembangaké sarana basa-basa Filipina utawa basa-basa liyané kang ana.[18][19]

Pasal XIV, Bab 7 ing Paugeran Filipina taun 1987 mratélakaké:

> Kanthi minangkani kukum lan tumungkul marang Konggrès, Pamaréntah kudu tumindak miwiti lan ngreksa panganggoné basa Filipino minangka sarana sesambungan resmi lan minangka basa panuntun ing tata wiyata.
>
> — [18]

> Basa enggon-enggonan iku basa resmi pambiyantu ing tlatah enggon-enggonan lan mula kudu minangka sarana panuntun pambiyantu.
>
> — [18]

Ing taun 2009, Dhépartemèn Pandhidhikan Filipina ngideraké surat paréntah saperlu yasa tata wiyata multibasa kang dhedhasar basa ibu. Tegesé, basa panuntun ing pamulangan mligi nganggo basa ibuné para murid tumeka saorané klas telu, déné basa liyané kaya ta Filipino lan Inggris diwanuhaké minangka mata wulangan kapisah sabubaré klas loro. Ing pamulangan madya, basa Filipino lan Inggris dadi basa panuntun pokok, déné basa asliné para murid minangka basa pambiyantu.[20]

Basa Tagalog iku basa asliné seprapat wong Filipina déné basa kapindhoné mayoritasé.[21]

Klasifikasi

Basa Tagalog salah sawijiné basa Filipina Tengah ing kulawarga basa Austronésia. Amarga sakulawarga karo Malayu-Polinésia, basa Tagalog isih ana gegayutané karo basa-basa Austronésia liyané, kaya ta basa Malagasi, Jawa, Malayu (Malaysia & Indonésia), Tetum (Timor), lan Yami (Taiwan).[22] Saliyané iku uga ana sambung rapeté karo basa-basa ing Bikol lan Kapuloan Visayas, kaya ta basa-basa Bikol lan basa-basa Visayas, kalebu basa Hiligaynon lan Cebuano.[22]

Dhialèk

Durung tau ana panalitèn dhialèktologi kang komprehènsif kang tau diayahi ing laladané panyatur basa Tagalog, sanajan ana dhèskripsiné kang awujud bausastra lan paramasastra rena-rena dhialèk Tagalog. Ethnologue nyathet yèn ana dhialèk Lubang, Manila, Marinduque, Bataan, Batangas, Bulacan, Tanay-Paete (Rizal-Laguna), lan Tayabas. Rena-rena dhialèké, mligi ana patang dhialèk kang pokok ya iku: dhialèk Lor (tuladhané dhialèk Bulacan), Tengah (tuladhané dhialèk Manila), Kidul (tuladhané dhialèk Batangas), lan Marinduque.

Rujukan

1. Mikael Parkvall, "Världens 100 största språk 2007" (The World's 100 Largest Languages in 2007), in *Nationalencyklopedin*
2. Filipino (http://www.ethnologue.com/language/fil) ing *Ethnologue* (éd. ka-18, 2015)
3. *Resulta mula sa 2000 Census of Population and Housing: Educational Characteristics of the Filipinos* (http://www.census.gov.ph/data/sectordata/sr05153tx.html), *National Statistics Office*, 18 March 2005
4. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Tagalogic" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/taga1280). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
5. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Tagalog/Filipino" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/taga1269). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
6. Zorc, David. 1977. "The Bisayan Dialects of the Philippines: Subgrouping and Reconstruction". *Pacific Linguistics* C.44. Canberra: The Australian National University
7. Blust, Robert. 1991. "The Greater Central Philippines hypothesis". *Oceanic Linguistics* 30:73–129
8. Spieker-Salazar, Marlies (1992). "A contribution to Asian Historiography: European studies of Philippines languages from the 17th to the 20th century" (http://www.persee.fr/web/revues/home/prescript/article/arch_0044-8613_1992_num_44_1_2861). *Archipel* **44** (1): 183–202. doi:10.3406/arch.1992.2861 (https://dx.doi.org/10.3406%2Farch.1992.2861).
9. Cruz, H. (1906). *Kun sino ang kumathâ ng̃ "Florante": kasaysayan ng̃ búhay ni Francisco Baltazar at pag-uulat ana ing kanyang karunun̄g̃a't kadakilaan* (https://books.google.com.ph/books?id=1S5BAQAAMAAJ). Libr. "Manila Filatélico,". Dijupuk January 8, 2017.
10. Juan José de Noceda, Pedro de Sanlucar, Vocabulario de la Lengua Tagala, Manila 2013, pg iv, Komision sa Wikang Filipino
11. *Vocabulario de la Lengua Tagala, Manila 1860 (https://books.google.com/books?id=PTIOAAAAIAAJ)* ing Google Books
12. Juan José de Noceda, Pedro de Sanlucar, Vocabulario de la lengua tagala, Manila 2013, Komision sa Wikang Filipino.
13. *1897 Constitution of Biak-na-Bato, Article VIII* (http://www.filipiniana.net/ArtifactView.do?artifactID=L00000000001&page=1&epage=1), Filipiniana.net, dijupuk 2008-01-16
14. *1935 Philippine Constitution, Article XIV, Section 3* (http://www.chanrobles.com/1935constitutionofthephilippines.htm), Chanrobles Law Library, dijupuk 2007-12-20
15. Manuel L. Quezon III, *Quezon's speech proclaiming Tagalog the basis of the National Language* (http://www.quezon.ph/wp-content/uploads/2007/05/mlq-speech-national-language-1.pdf) (PDF), quezon.ph, dijupuk 2010-03-26
16. Andrew Gonzalez (1998), "The Language Planning Situation in the Philippines" (http://www.multilingual-matters.net/jmmd/019/0487/jmmd0190487.pdf) (PDF), *Journal of Multilingual and Multicultural Development* **19** (5, 6): 487–488, doi:10.1080/01434639808666365 (https://dx.doi.org/10.1080%2F01434639808666365), dijupuk 2007-03-24.
17. *1973 Philippine Constitution, Article XV, Sections 2–3* (http://www.chanrobles.com/1973constitutionofthephilippines.htm), Chanrobles Law Library, dijupuk 2007-12-20

18. *1987 Philippine Constitution, Article XIV, Sections 6–9* (http://www.chanrobles.com/article14language.htm), Chanrobles Law Library, dijupuk 2007-12-20
19. Gonzales, A. (1998). Language planning situation in the Philippines. *Journal of Multilingual and Multicultural Development 19*(5), 487-525.
20. Order No. 74 (2009) (http://www.deped.gov.ph/cpanel/uploads/issuanceImg/DO%20No.%2074,%20s.%202009.pdf). Department of Education.
21. Philippine Census, 2000. Table 11. Household Population by Ethnicity, Sex and Region: 2000
22. Lewis, M.P., Simons, G.F., & Fennig, C.D. (2014). Tagalog. *Ethnologue: Languages of the* World. *Retrieved from http://www.ethnologue.com/language/tgl*

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Tagalog&oldid=1437034"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 10.50, 8 Maret 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.